This document is part of The Vaynakh Vault archive
You can contribute right now to the conservation of our heritage at vayvault.com

vaynakh
the vault

كتاب

# اللغة العربية

# ٢

# ІАЬРБИЙН МОТТ

# 2

## БУСУЛБА – ДЕШАРХОЧУЬНАН ДЕКХАРШ:

1. ЦХЬАЪ БЕН ВОЦЧУ *АЛЛАХ1АНА* 1ИБАДАТ ДАР; ЦО А, *ЦУЬНАН ЭЛЧАНО А (ДЕЛЕРА* САЛАМ А, МАРШАЛЛА А ХУЬЛДА ЦУННА) БОХУШ ДОЛЧУННА МУЬТ1АХЬ ХИЛАР.
2. *ИСЛАМ* ДОВЗАР, И 1АМОР; БОЛХ А, ДАХАР А ЦУЬНАН Т1ЕДАХКАРШЦА Д1АКХЕХЬАР; ЦУЬНАН ОЬЗДАНГАЛЛА ЛАРЪЯР.
3. НИЗАМЕХЬ А, ХЬАСТАВЕЛЛА А ЛАМАЗАШ ДАР; *КЪОР1АН* ДЕШАР.
4. ДЕГА - НЕНЕ ЛАДОГ1АР; ДОЬЗАЛНА А, ЛУЛА-ХОШНА А Г1ОДАР; ХЬЕХАРХОЙН ЛАРАМ БАР.
5. НОХЧИЙЧУЬРА А, ДЕРРИГЕ ДУЬНЕНА Т1ЕРА А БУСУЛБА-ВЕЖАРИЙ БЕЗАР; ШЕН ПАЧХЬАЛКХАНА Г1УЛЛАКХ ДАР.
6. МАССО А БУСУЛБА НАХАНА ДИКАНИГ ХИЛА А, УЬШ НИСБАЛА А ЛААР.
7. 1ЕСАЛЛА ЦА ЕЗАР; *АЛЛАХ1АН* ДЕКХАРЕХ К1ЕЛХЬАРА ВИЙЛАР ЦА ДЕЗАР.

<u>САН 1АЛАШО</u>: *АЛЛАХ1* САЙНА РЕЗА А ВЕШ, ЯЛСАМАНЕ ЯККХАР, ИШТТА ЖОЬЖАГ1АТАН Ц1АРАХ К1ЕЛХЬАРА ВАЛА ХЬАЖАР А.

بسم الله الرحمن الرحيم

اقرأ باسم ربك الذى خلق

خلق الانسان من علق ۝ اقرأ و ربك الأكرم

الذى علم بالقلم

Средняя школа №2
г. Аргун 1021

**<u>БИСМИЛЛАХ1И – РРОХЬМАНИ – РРОХЬИЙМ</u>**

## НОХЧИЙН БУСУЛБА ПАЧХЬАЛКХ

# IАЬРБИЙН МОТТ

2-чу ***КЛАССАНА ЛЕРИНА***
***ДЕШАРАН 1АМАТ***

**Ч1АГ1ЙИНА НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКАН – НОХЧИЙЧОЬНАН ДЕШАРАН А, 1ИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВОС**

**ЖОВХ1АР – Г1АЛА**
**1998 шо**



## <u>ДЕШАХЬАЛХЕ</u>

Вайн, нохчийн, бусулба пачхьалкхерачу сийлахьчу г1азотан бусулба берашна а; массо а бусулба пачхьалкхерачу 1аьрбийн, сийлахьчу Къор1анан, Ислам динан пайхамаран Мухьаммадан (1алайх1и-ссолату ва-ссаламу) мотт 1амон безам болчу берриге а бусулба дешархошна а; шайн 1илманан декхарщца нах нисбеш, *Аллах1а* хьехархо вина ваийтинчу т1аьххьарчу пайхамарна (1.с.с.) т1аьхьабазар бахьанехь, *Аллах1а* сийлахь бинчу хьехархошна а; берийн дайшна а; т1екхуьуш долу чкъор кхиорна жоьпаллехь мел болчарна а, *Аллах1ан* г1оьнца, оха совг1ат до х1окху 1аьрбийн меттан хьалхарчу жайница, юьхьанцарчу декъана шозлаг1чу классана лерина долчу.

Сийлахьчу *Аллах1е* вай доьху, къоламца адамна цахуург 1амийна волчу, вайна массарна а 1аьрбийн мотт 1аморехь г1одар - иза *Делера* долчу вахьйунан а (откровение), Къор1анан а, Ислам динан а, *элчанан* (1.с.с.) суннатан а мотт хиларна. Иштта *Аллах1е* вай доьху, массо дикачу наха Ислам динна г1одарехь бечу балхах беркат дар, нохчийн беркатечу махкахь х1ара жайна кечдар - ц1енна шен дуьхьа хьегна къа ларар а. Цу *Везачу Деле* вай доьху, вайл т1аьхьа бог1а болчеран аьтто бар. *Аллах1* ц1ена а, сийлахь а ву, массо х1ума хезаш а, хууш а, гуш а И ву.

***"Сан Дела, суна дагатасахьа хьайн ни1матана шукру дар а (хастам бар), суна а, сан дена-нанна а Ахь Хьо реза хир волуш деллачу диканна. Сан доьзал суна муьт1ахь бехьа. Ас Хьуна хьалха тоба дина, со бусулбанех ву".***

Х1ай *Аллах1*, къинхетам а, маршо а ло Ахь тхан элана *Мухьаммадана* (1.с.с.), цуьнан гергарчарна, цуьнан накъосташна (асхьабашна), диканца церан лорах къематан де т1екхаччалц мел баханчарна а.

**Лерамца, Нохчийн Республикан – Нохчийчоьнан дешаран а, 1илманан а Министерствон аппаратан белхахой.**

## ХЬЕХАРХОЧУННА ХЬЕХАМ

Сан хьоме ваша-хьехархо!

Хьуна хууш ду, берана шен кьоман мотт 1аморан 1алашо и бер ша юкьахь дехачу юкьараллех хоттаделла хилар дуй. Оцу юкъараллин оьздангалла а къоман маттаца евза. Х1ара тхуна ч1ог1а лууш дерг а, оха лардеш дерг а ду дешаран программаш кечьярехь, кьоман мотт беран хьалхара мотт хиларна.

Оцу юккъехула 1аьрбийн мотт 1амабаран бахьана - иза Кьор1анан а, Ислам динан элчанан а (*Делера* салам а, маршалла а хуьлда цунна) мотт хилар ду. Цундела, 1аьрбийн мотт 1амор цаторуш г1уллакх ду Исламан хьукманаш сийлахьчу Кьор1ана т1ера а, пайхамаран (Д.с.м.) суннат т1ера а довзаран дуьхьа. Адамийн барт барехь а, бусулбанийн цхьаалла ч1аг1ъярехь а доккха а, лераме а маь1на ду цуьнан.

Дукхаха болчу бусулба боцчеран ч1ог1а сутаралла ю, вайна гуш ма-хиллара, бусулбанийн тайп-тайпана меттанаш 1амо, къаьсстина 1аьрбийн мотт.

Цундела, ч1ог1а лаам болуш хила, бусулба-хьехархо, 1аьрбийн мотт хьалха хьайна 1амо а, цул т1аьхьа кхечарна 1амо а. Оцу сийлаллех дозалла деш хила, йоккха ял хир ю хьуна. Аллах1ера хьайна бекхам хин болу х1ума дерриге а Цуьнан дуьхьа де.

Х1ара жайна кечдеш, оха тидаме эцна:

1. Атта хилар, чолхаза дар, 1аьрбийн говза (литературни) мотт лелабар тидаме эцар. Суьрташца, басаршца хьурупаш билгалдар, берийн цаьрга безам бахийтаран дуьхьа. Цундела хьан декхар ду билгалдаран некъаш тидамехь латтор, уьна т1ехь а, жайни а т1ехь долчу суьрташца уьш д1а а кхоьхьуш. Оцо бер шовкъе до, 1аьрбийн мотт 1аморе безам бохуьйту.

2. *Аллах1ах* а, Цуьнан элчанах а тешаран дог-ойла ч1аг1ъен йолчу х1уманца а, Исламан элчанан лорах вахар ч1аг1ден долчу х1уманца а масал далор. Оцу х1уманаша дешархо шен динехь а, маттехь а ч1аг1вийр ву, х1унда аьлча, сийлахь Кьор1ан а, пайхамаран (Д.с.м.) суннат а, 1аьрбийн меттан угаре а хьалхара дошам (словарь) лара мегар долун дела.

3. Дешархо кечваран упражненешна т1е тидам бахийтар. Иза дешархочуьнан хьекъал кечдаран дуьхьа ду,





цунна деша а, язда а, хьаькийн суьрташна т1ехула къолам лелабан а 1амош.

4. Тайп-тайпанчу упражненийн тидам бар, дешархо меттан жайна 1амо кечвар ч1аг1дан а, иштта хьалха д1аяхана урокаш карлаяха а 1алашо йолуш х1иттийна йолчу. Хьаьрп гучадаккхаран т1алам бан беза иза ша долуш а, тайп-тайпанчу хорманашкахь а шен суьртаца, хьаьркаца, ц1арца. И х1ума деш "**алиф**"-на т1ера "**йа**"-на т1екхаччалц д1аваха веза, т1аккха "**та**"-на т1ера. Иштта д1авоьдуш, цкъа хьалха дешнаш вовшах дохур ду, т1аккха вовшах тосур ду. Предложенеш вовшах йохур ю, т1аккха вовшах тухур ю, хьаьрпех дешнаш вовшах тосур ду. Цу кеппара, дешархочун говзалла к1ез-к1еззиг хьалаер ю. И дерриге деш цо дакъа лоцур ду цкъа галволуш, т1аккха нислуш. Эххар а шен 1алашоне кхочур ву 1аьрбийн мот безарехь а, цуьнан хазаллин чам баккхарехь а. Т1аккха жим-жимма цо 1аьрбийн мотт буьйцур бу, тарвала а г1ерташ, цул т1аьхьа кхеташ а, схьалоцуш а, дешнаш шеггарра кхуллуш а, уьш вовшах тухуш а, Дала мукъалахь.

5. Юкъараллин 1ер-дахаран бакъдолчух зиэрийн масалш гайтарна тидам т1ебахиийтар, уьш дешархочо шен дахарехь, леламехь юьхьарлаьцна делахь. Х1ара хьан коьрта декхар а, болх а бу, кхиамен хьехархо: юкъараллин бакъдолчуьнан масалш ахь дешархочунна гайтар.

6. Х1ара жайна пачхьалкхан ишколехь долчу берашна лерина делахь а, кхуьнах пайда эца мегар ду муьлхачу а доларчу ишколехь волчу хьехархочо а, маьждигехь йолчу хьуьжаршкарчу дешархоша а.

Цундела хьоьга дехар ду, сан ваша-хьехархо: х1ора дарс-урок кечьярна т1е тидам бахийтар, классе вахале и карлаяккхар, масаллин таллам бар, дешнийн маь1на билгалдаккхар, и довзар.

Иштта дика хир ду ахь дешархочунна ц1ахь бан болх белча. Т1аккха цо ц1ахь йоьшур а ю, яздийр а ду х1ора дийнахь. Цуьнан хила деза "Ц1ахь бен болх" ц1е йолу таьптар. Ахь таллам бийр бу оцу таьптар т1е цо яздечу йозанашна.

**Т1ахьххьара**: *Аллах1ана* шукру до оха, Цо х1ара жайна яздеш а, арадоккхуш а накъосталлина ц1ена а, дагара а лелаш болу нах баларна. *Дала* царна диканца бекхам бойла.

***Аллах1* вайн аьтто беш верг а, нийсачу новкъа вай дуьгуш верг а ву.**

***Министерствон жайнаш арахеца кечдеш долу дакъа.***

# حروف الهجاء

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| خ | ح | ج | ث | ت | ب | أ |
| ص | ش | س | ز | ر | ذ | د |
| ق | ف | غ | ع | ظ | ط | ض |
| ى | و | ه | ن | م | ل | ك |








***Билгалдаккхар:*** Х1ора сурт ша-ша довзар т1едуьллур ду хьехархочо дешархошна, суьртан ц1е йоккхуьйтур ю цаьрга, юха царна 1аьрбийн маттахь хьурупаш (элпаш) доьшур ду (ا ا – ب ب), дешархошка т1аьхьара а олуьйтуш.

Т1аккха царех цхьаьнга суьрташ долу хьаьрп доьшуьйтур ду, цул т1аьхьа хьаьрп а, суьртан ц1е а цхьаьна йоьшур ю, массара т1аьхьара а олуш.




***Билгалдаккхар***: Х1ора сурт ша-ша довзар т1едуьллур ду хьехархочо дешархошна, суьртан ц1е йоккхуьйтур ю цаьрга, юха царна 1аьрбийн маттахь хьурупаш (элпаш) доьшур ду (ت ت - ث ث), дешархошка т1аьхьара а олуьйтуш.

Т1аккха царех цхьаьнга суьрташ долу хьаьрп доьшуьйтур ду, цул т1аьхьа хьаьрп а, суьртан ц1е а цхьаьна йоьшур ю, массара т1аьхьара а олуш.








***Билгалдаккхар***: Х1ора сурт ша-ша довзар т1едуьллур ду хьехархочо дешархошна, суьртан ц1е йоккхуьйтур ю цаьрга, юха царна 1аьрбийн маттахь хьурупаш (элпаш) доьшур ду (ج ج - ح ح), дешархошка т1аьхьара а олуьйтуш.

Т1аккха царех цхьаьнга суьрташ долу хьаьрп доьшуьйтур ду, цул т1аьхьа хьаьрп а, суьртан ц1е а цхьаьна йоьшур ю, массара т1аьхьара а олуш.







| | |
|---|---|
| بِاسْمِ اللّٰه | اللَّهُ أَكْبَرُ |
| بِاسْمِ اللّٰه | اللَّهُ أَكْبَرُ |
| بِاسْمِ اللّٰه | اللَّهُ أَكْبَرُ |

***Билгалдаккхар***: Х1ора сурт ша-ша довзар т1едуьллур ду хьехархочо дешархошна, суьртан ц1е йоккхуьйтур ю цаьрга, юха царна 1аьрбийн маттахь хьурупаш (элпаш) доьшур ду ( خ ـخ ـخـ خـ ), дешархошка т1аьхьара а олуьйтуш.

Т1аккха царех цхьаьнга суьрташ долу хьаьрп доьшуьйтур ду, цул т1аьхьа хьаьрп а, суьртан ц1е а цхьаьна йоьшур ю, массара т1аьхьара а олуш.

















***Билгалдаккхар***: Х1ора сурт ша-ша довзар т1едуьллур ду хьехархочо дешархошна, суьртан ц1е йоккхуьйтур ю цаьрга, юха царна 1аьрбийн маттахь хьурупаш (элпаш) доьшур ду ( د ـد - ـذ ذ ), дешархошка т1аьхьара а олуьйтуш.

Т1аккха царех цхьаьнга суьрташ долу хьаьрп доьшуьйтур ду, цул т1аьхьа хьаьрп а, суьртан ц1е а цхьаьна йоьшур ю, массара т1аьхьара а олуш.




***Билгалдаккхар***: Х1ора сурт ша-ша довзар т1едуьллур ду хьехархочо дешархошна, суьртан ц1е йоккхуьйтур ю цаьрга, юха царна 1аьрбийн маттахь хьурупаш (элпаш) доьшур ду ( ر ر - ز ز ), дешархошка т1аьхьара а олуьйтуш.

Т1аккха царех цхьаьнга суьрташ долу хьаьрп доьшуьйтур ду, цул т1аьхьа хьаьрп а, суьртан ц1е а цхьаьна йоьшур ю, массара т1аьхьара а олуш.








***Билгалдаккхар***: Х1ора сурт ша-ша довзар т1едуьллур ду хьехархочо дешархошна, суьртан ц1е йоккхуьйтур ю цаьрга, юха царна 1аьрбийн маттахь хьурупаш (элпаш) доьшур ду ( س س - ش ش ), дешархошка т1аьхьара а олуьйтуш.

Т1аккха царех цхьаьнга суьрташ долу хьаьрп доьшуьйтур ду, цул т1аьхьа хьаьрп а, суьртан ц1е а цхьаьна йоьшур ю, массара т1аьхьара а олуш.




***Билгалдаккхар***: Х1ора сурт ша-ша довзар т1едуьллур ду хьехархочо дешархошна, суьртан ц1е йоккхуьйтур ю цаьрга, юха царна 1аьрбийн маттахь хьурупаш (элпаш) доьшур ду ( ص ـص صـ - ض ـض ضـ ), дешархошка т1аьхьара а олуьйтуш.

Т1аккха царех цхьаьнга суьрташ долу хьаьрп доьшуьйтур ду, цул т1аьхьа хьаьрп а, суьртан ц1е а цхьаьна йоьшур ю, массара т1аьхьара а олуш.








***Билгалдаккхар***: Х1ора сурт ша-ша довзар т1едуьллур ду хьехархочо дешархошна, суьртан ц1е йоккхуьйтур ю цаьрга, юха царна 1аьрбийн маттахь хьурупаш (элпаш) доьшур ду ( ط ـط - ظ ـظ ), дешархошка т1аьхьара а олуьйтуш.

Т1аккха царех цхьаьнга суьрташ долу хьаьрп доьшуьйтур ду, цул т1аьхьа хьаьрп а, суьртан ц1е а цхьаьна йоьшур ю, массара т1аьхьара а олуш.




***Билгалдаккхар***: Х1ора сурт ша-ша довзар т1едуьллур ду хьехархочо дешархошна, суьртан ц1е йоккхуьйтур ю цаьрга, юха царна 1аьрбийн маттахь хьурупаш (элпаш) доьшур ду ( ع ع - غ غ ), дешархошка т1аьхьара а олуьйтуш.

Т1аккха царех цхьаьнга суьрташ долу хьаьрп доьшуьйтур ду, цул т1аьхьа хьаьрп а, суьртан ц1е а цхьаьна йоьшур ю, массара т1аьхьара а олуш.








***Билгалдаккхар***: Х1ора сурт ша-ша довзар т1едуьллур ду хьехархочо дешархошна, суьртан ц1е йоккхуьйтур ю цаьрга, юха царна 1аьрбийн маттахь хьурупаш (элпаш) доьшур ду ( ف ف - ق ق ), дешархошка т1аьхьара а олуьйтуш.

Т1аккха царех цхьаьнга суьрташ долу хьаьрп доьшуьйтур ду, цул т1аьхьа хьаьрп а, суьртан ц1е а цхьаьна йоьшур ю, массара т1аьхьара а олуш.




***Билгалдакккхар***: Х1ора сурт ша-ша довзар т1едуьллур ду хьехархочо дешархошна, суьртан ц1е йоккхуьйтур ю цаьрга, юха царна 1аьрбийн маттахь хьурупаш (элпаш) доьшур ду ( ك ك - ل ل ), дешархошка т1аьхьара а олуьйтуш.

Т1аккха царех цхьаьнга суьрташ долу хьаьрп доьшуьйтур ду, цул т1аьхьа хьаьрп а, суьртан ц1е а цхьаьна йоьшур ю, массара т1аьхьара а олуш.








***Билгалдакккхар***: Х1ора сурт ша-ша довзар т1едуьллур ду хьехархочо дешархошна, суьртан ц1е йоккхуьйтур ю цаьрга, юха царна 1аьрбийн маттахь хьурупаш (элпаш) доьшур ду ( م م - ن ن ), дешархошка т1аьхьара а олуьйтуш.

Т1аккха царех цхьаьна суьрташ долу хьаьрп доьшуьйтур ду, цул т1аьхьа хьаьрп а, суьртан ц1е а цхьаьна йоьшур ю, массара т1аьхьара а олуш.



***Билгалдаккхар***: Х1ора сурт ша-ша довзар т1едуьллур ду хьехархочо дешархошна, суьртан ц1е йоккхуьйтур ю цаьрга, юха царна 1аьрбийн маттахь хьурупаш (элпаш) доьшур ду ( ه ه - و و ), дешархошка т1аьхьара а олуьйтуш.

Т1аккха царех цхьаьнга суьрташ долу хьаьрп доьшуьйтур ду, цул т1аьхьа хьаьрп а, суьртан ц1е а цхьаьна йоьшур ю, массара т1аьхьара а олуш.








***Билгалдаккхар***: Х1ора сурт ша-ша довзар т1едуьллур ду хьехархочо дешархошна, суьртан ц1е йоккхуьйтур ю цаьрга, юха царна 1аьрбийн маттахь хьурупаш (элпаш) доьшур ду ( ى ى - ى ى ), дешархошка т1аьхьара а олуьйтуш.

Т1аккха царех цхьаьна суьрташ долу хьаьрп доьшуьйтур ду, цул т1аьхьа хьаьрп а, суьртан ц1е а цхьаьна йоьшур ю, массара т1аьхьара а олуш.

# اللّٰه
# رَبِّى

***Хьехархочо доьхур ду дешархочуьнга*** х1ара сурт кхочушдар, чекх сагучу кехатца иза кхечу кехатана т1едаккхарца, къегинчу басарца цунна басар а деш. Иштта дехар до хьомечу хьехархочуьнга, дешархочунна к1еззиг седарчий, наклейкаш ялар х1окху суьртана т1еяхка, цуьнан хазалле болу чам дебо, коьртачу 1алашонна т1е цуьнан тидам бахийта.

И 1алашо – деша ницкъ кхачар а, дешнийн хаза маь1наш довзийтар а ю.





# اللّٰه
# خَالِقِى

***Хьехархочо доьхур ду дешархочуьнга*** х1ара сурт кхочушдар, чекх сагучу кехатца иза кхечу кехатана т1едаккхарца, къегинчу басарца цунна басар а деш. Иштта дехар до хьомечу хьехархочуьнга, дешархочунна к1еззиг седарчий, наклейкаш ялар х1окху суьртана т1еяхка, цуьнан хазалле болу чам дебо, коьртачу 1алашонна т1е цуьнан тидам бахийта.

И 1алашо – деша ницкъ кхачар а, дешнийн хаза маь1наш довзийтар а ю.

# الله

# رَازِقِى

***Хьехархочо доьхур ду дешархочуьнга*** х1ара сурт кхочушдар, чекх сагучу кехатца иза кхечу кехатана т1едаккхарца, къегинчу басарца цунна басар а деш. Иштта дехар до хьомечу хьехархочуьнга, дешархочуьнга к1еззиг седарчий, наклейкаш ялар х1окху суьртана т1еякха, цуьнан хазалле болу чам дебо, коьртачу 1алашонна т1е цуьнан тидам бахийта.

И 1алашо – деша ницкъ кхачар а, дешнийн хаза маь1наш довзийтар а ю.





## الله

## الله أكبر الله أكبر

## الله

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| أ | أ | أ | أ | أ | أ | أ |
| | | | | | | أ |

***Хьехархочунна билгалдаккхар***: Хьехархочо дешархошка *Делан* сийлахь ц1е ( الله - *Аллах1*) ешар доьхур ду. Царна и хиънвчул т1аьхьа, цо доьшур ду, басар а дина, *Аллах1* - الله бохучу дашера хьалхара элп ا - алиф.

Цаьрга иза шайгга доьшуьйтур ду цо. Т1аккха *Аллах1* бохучу дашца аьр ду цо и иштта: ( الله - ا ), юха дешархоша изза аьр ду, цо санна. Цул т1ахьа «алиф» элпана юккъерачу есачу меттигна басар дойтур ду цаьрга хьалхарчу упражненехь.

Т1аьххьара а и хьаьрп шайга яздойтур ду цаьрга есачу меттигашка шозлаг1чу упражненехь.




***Билгалдакхар***: Хьехархочо хоттур ю дешархошка суьртан ц1е, ткъа царна и хиъначул т1аьхьа:

- ( أ ) боху басар диначу хьаьрпан гона юккъера доьшур ду цо, царна т1е дуьллур ду иза юх-юха алар.
- Т1аккха и хьаьрп аьр ду цо «Аль-аб» бохучу дашехь иштта: ( أب - أ ), «Аль-умма» бохучу дашехь иштта: ( أم - أ ), цул т1аьхьа юх-юха и бохур ду.
- Юха царна т1едуьллур ду есачу меттигна басар дар: хьалха ( أب ) олучохь, шозлаг1а ( أ ) олучохь, т1аккха ( أم ) олучохь.
- Цул т1аьхьа дешархочо хьаьрпийн суьрташна т1ехула къолам лелор бу, хьалхарчу 1аьржачу хьаьрпана т1ехула санна.
- Т1аьхьхьара а и хьаьрп дешархочо ша д1аяздийр ду есачу метте.








***Билгалдакхар***: Хьехархочо хоттур ю дешархошка суьртан ц1е, ткъа царна и хиъначул т1аьхьа:

- ( ب ) боху басар диначу хьаьрпан гона юккъера доьшур ду цо, царна т1е дуьллур ду иза юх-юха алар.
- Т1аккха и хьаьрп аьр ду цо «Аль-байт» бохучу дашехь иштта: ( بيت - ب ), «Аль-баб» бохучу дашехь иштта: ( باب - ب ), цул т1аьхьа юх-юха и бохур ду.
- Юха царна т1едуьллур ду есачу меттигна басар дар: хьалха ( بيت ) олучохь, шозлаг1а ( ب ) олучохь, т1аккха ( باب ) олучохь.
- Цул т1аьхьа дешархочо хьаьрпийн суьрташна т1ехула къолам лелор бу, хьалхарчу 1аьржачу хьаьрпана т1ехула санна.
- Т1аьхьхьара а и хьаьрп дешархочо ша д1аяздийр ду есачу метте.





تُفَّاحٌ تَ تَمْرٌ

تفاح ت تمر

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ت | ت | ت | ت | ت | ت |
| | | | | | ت |

*Хьехархочунна билгалдаккхар*:

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: (ت) хьаьрп хийцарца дош ( ت - تفاح ) **туффахьун**, дош ( ت - تمر ) **тамрун**.









ثَلَّاجَةٌ ثَ ثَوْبٌ

ثلاجة ث ثوب

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ث | ث | ث | ث | ث | ث |
| | | | | | ث |

*Хьехархочунна билгалдаккхар*:

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: (ث) хьаьрп хийцарца дош ( ث - ثلاجة ) **саллажатун**, дош ( ث - ثوب ) **савбун**.

| التدريب الثانى | | التدريب الأول |
|---|---|---|
| ب ت ث | أ | ب ت ث |
| ب ت ث | أ | ب ت ث |
| ب ت ث | أ | ب ت ث |
| ب ت ث | أ | ب ت ث |
| ب ت ث | أ | ب ت ث |

***Хьехархочо дешархочунна т1едуьллур ду:***

1. Хьаьрпашна т1ехь шен къолам лелабар хьалхарчу упражненехь.
2. Алфавитан хьурупашна басар дар шозлаг1чу упражненехь.









جَامِعٌ ج جَمَلٌ

جامع ج جمل

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ج | ج | ج | ج | ج | ج |
| | | | | | ج |

***Хьехархочунна билгалдаккхар:***

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( ج ) хьаьрп хийцарца дош ( جامع - ج ) **жами1ун**, дош ( جمل - ج ) **жамалун**.





حَقِيْبَةٌ ح حَمَامَةٌ

حقيبة ح حمامة

ح ح ح ح ح ح

ح

***Хьехархочунна билгалдаккхар*:**

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: (ح) хьаьрп хийцарца дош (حقيبة - ح) **хьакъибатун**, дош (حمامة - ح) **хьамаматун**.









خِيَارٌ خ خَرُوفٌ

خيار خ خروف

خ خ خ خ خ خ

خ

***Хьехархочунна билгалдаккхар*:**

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: (خ) хьаьрп хийцарца дош ( خيار - خ ) **хийарун**, дош ( خروف - خ ) **харуфун**.





# دَجَاجَةٌ  د  دَرَّاجَةٌ

دجاجة  د  دراجة

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| د | د | د | د | د | د |
| | | | | | د |

***Хьехархочунна билгалдаккхар:***

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( د ) хьаьрп хийцарца дош ( دراجة - د ) **дарражатун**, дош ( دجاجة - د ) **дажажатун**.





| التدريب الثانى | التدريب الأول |
|---|---|
| ج ح خ د | ج ح خ د |
| ج ح خ د | ج ح خ د |
| ج ح خ د | ج ح خ د |
| ج ح خ د | ج ح خ د |
| ج ح خ د | ج ح خ د |

***Хьехархочо дешархочунна т1едуьллур ду:***

1. Хьаьрпашна т1ехь шен къолам лелабар хьалхарчу упражненехь.
2. Алфавитан хьурупашна басар дар шозлаг1чу упражненехь.

3*





ذِئْبٌ ذ ذَيْلٌ

ذئب ذ ذيل

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ذ | ذ | ذ | ذ | ذ | ذ |
| ذ | | | | | |

***Хьехархочунна билгалдаккхар*:**

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( ذ ) хьаьрп хийцарца дош ( ذ - ذئب ) **зиъбун**, дош ( ذ - ذيل ) **зайлун**.









رَجُلٌ ر رَقَبَةٌ

رجل ر رقبة

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ر | ر | ر | ر | ر | ر |
| ر | | | | | |

***Хьехархочунна билгалдаккхар*:**

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( ر ) хьаьрп хийцарца дош ( ر - رجل ) **ражулун**, дош ( ر - رقبة ) **ракъабатун**.





زَهْرَةٌ ز زَرَافَةٌ

زهرة ز زرافة

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ز | ز | ز | ز | ز | ز |
| ز | | | | | |

*Хьехархочунна билгалдаккхар*:

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( ز ) хьаьрп хийцарца дош ( زهرة - ز ) **зах1ратун**, дош ( زرافة - ز ) **зарафатун**.









سَيَّارَةٌ س سَاعَةٌ

سيارة س ساعة

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| س | س | س | س | س | س |
| س | | | | | |

*Хьехархочунна билгалдаккхар*:

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( س ) хьаьрп хийцарца дош ( سيارة - س ) **саййаратун**, дош ( ساعة - س ) **са1атун**.

| التدريب الثانى | التدريب الأول |
|---|---|
| ذ ر ز س | ذ ر ز س |
| ذ ر ز س | ذ ر ز س |
| ذ ر ز س | ذ ر ز س |
| ذ ر ز س | ذ ر ز س |
| ذ ر ز س | ذ ر ز س |

***Хьехархочо дешархочунна т1едуьллур ду*:**

1. Хьаьрпашна т1ехь шен къолам лелабар хьалхарчу упражненехь.
2. Алфавитан хьурупашна басар дар шозлаг1чу упражненехь.









شَمْسٌ ش شَمْعَةٌ

شمس ش شمعة

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ش | ش | ش | ش | ش | **ش** |
| | | | | | **ش** |

***Хьехархочунна билгалдаккхар*:**

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( ش ) хьаьрп хийцарца дош ( ش - شمس ) **шамсун,** дош ( ش - شمعة ) **шам1атун**.

 

# صُنْدُوقٌ ص صَحْنٌ

صندوق ص صحن

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ص | ص | ص | ص | ص | ص |
| | | | | | ص |

***Хьехархочунна билгалдаккхар*:**

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( ص ) хьаьрп хийцарца дош ( صندوق - ص ) **сундукъун**, дош ( صحن - ص ) **сахьнун**.





 

# ضِفْدَعَةٌ ض ضَبُعٌ

ضفدعة ض ضبع

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ض | ض | ض | ض | ض | ض |
| | | | | | ض |

***Хьехархочунна билгалдаккхар*:**

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( ض ) хьаьрп хийцарца до́ш ( ضفدعة - ض ) **дифди1атун**, дош ( ضبع - ض ) **дабу1ун**.





طَمَاطِمُ ط طِفْلٌ

طماطم ط طفل

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ط | ط | ط | ط | ط | ط |
| | | | | | ط |

***Хьехархочунна билгалдаккхар*:**

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( ط ) хьаьрп хийцарца дош ( ط - طفل ) **т1ифлун,** дош ( ط - طماطم ) **т1амат1иму.**





| التدريب الثانى | التدريب الأول |
|---|---|
| ط ض ص ش | ط ض ص ش |
| ط ض ص ش | ط ض ص ش |
| ط ض ص ش | ط ض ص ش |
| ط ض ص ش | ط ض ص ش |
| ط ض ص ش | ط ض ص ش |

***Хьехархочо дешархочунна т1едуьллур ду*:**

1. Хьаьрпашна т1ехь шен къолам лелабар хьалхарчу упражненехь.
2. Алфавитан хьурупашна басар дар шозлаг1чу упражненехь.





ظُهْرٌ ظ ظُفْرٌ

ظهر ظ ظفر

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ظ | ظ | ظ | ظ | ظ | ظ |
| | | | | | ظ |

***Хьехархочунна билгалдаккхар:***

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( ظ ) хьаьрп хийцарца дош ( ظ - ظفر ) **зуфрун**, дош ( ظ - ظهر ) **зах1рун.**










عِنَبٌ ع عَلَمٌ

عنب ع علم

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ع | ع | ع | ع | ع | ع |
| | | | | | ع |

***Хьехархочунна билгалдаккхар:***

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( ع ) хьаьрп хийцарца дош ( ع - علم ) **1аламун**, дош ( ع - عنب ) **1инабун.**

 

غَزَالٌ غ غُرَابٌ

غزال غ غراب

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| غ | غ | غ | غ | غ | غ |
| غ | | | | | |

***Хьехархочунна билгалдаккхар*:**

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( غ ) хьаьрп хийцарца дош ( غزال - غ ) **г1азалун**, дош ( غراب - غ ) **г1урабун**.





 

فَمٌ ف فَرَاشَةٌ

فم ف فراشة

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ف | ف | ف | ف | ف | ف |
| ف | | | | | |

***Хьехархочунна билгалдаккхар*:**

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( ف ) хьаьрп хийцарца дош ( فم - ف ) **фамун**, дош ( فراشة - ف ) **фарашатун**.

4-1-15

| التدريب الثانى | التدريب الأول |
|---|---|
| ظ ع غ ف | ظ ع غ ف |
| ظ ع غ ف | ظ ع أ غ ف |
| ظ ع غ ف | ظ ع ا غ ف |
| ظ ع غ ف | ظ ع غ ف |
| ظ ع غ ف | ظ ع غ ف |

***Хьехархочо дешархочунна т1едуьллур ду:***

1. Хьаьрпашна т1ехь шен къолам лелабар хьалхарчу упражненехь.
2. Алфавитан хьурупашна басар дар шозлаг1чу упражненехь.










قُرْآنٌ ق قَلَمٌ

قرآن ق قلم

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ق | ق | ق | ق | ق | ق |
| | | | | | ق |

***Хьехархочунна билгалдакккхар:***

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдакккхар санна: ( ق ) хьаьрп хийцарца дош ( قرآن - ق ) **къуръанун**, дош ( قلم - ق ) **къаламун.**





كَعْبَةٌ ك كُرْسِيٌّ

كعبة ك كرسي

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ك | ك | ك | ك | ك | ك |
| | | | | | ك |

***Хьехархочунна билгалдаккхар:***

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( ك ) хьаьрп хийцарца дош ( ك - كعبة ) **ка1батун,** дош ( ك - كرسي ) **курсиййун**.









لَبَنٌ ل لَيْمُونَةٌ

لبن ل ليمونة

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ل | ل | ل | ل | ل | ل |
| | | | | | ل |

***Хьехархочунна билгалдаккхар:***

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( ل ) хьаьрп хийцарца дош ( ل - لبن ) **лабанун,** дош ( ل - ليمونة ) **лаймунатун.**



مُحَمَّدٌ

صلى الله عليه و سلم

مُحَمَّدٌ م مِصْبَاحٌ

محمد م مصباح

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| م | م | م | م | م | م |
| | | | | | م |

*Хьехархочунна билгалдаккхар*:

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( م ) хьаьрп хийцарца дош ( محمد - م ) **Мухьаммадун**, дош ( مصباح - م ) **мисбахьун.**





| التدريب الثانى | التدريب الأول |
|---|---|
| ق ك ل م | ق ك ل م |
| ق ك ل م | ق ك ل م |
| ق ك ل م | ق ك ل م |
| ق ك ل م | ق ك ل م |
| ق ك ل م | ق ك ل م |

***Хьехархочо дешархочунна т1едуьллур ду*:**

1. Хьаьрпашна т1ехь шен къолам лелабар хьалхарчу упражненехь.
2. Алфавитан хьурупашна басар дар шозлаг1чу упражненехь.





نَظَارَة ن نَخْلَة

نظارة ن نخلة

ن ن ن ن ن ن

ن

*Хьехархочунна билгалдаккхар*:

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( ن ) хьаьрп хийцарца дош ( ن - نخلة ) **нахлатун**, дош ( ن - نظارة ) **наззаратун**.









هُدْهُد ه هِلَال

هدهد ه هلال

ه ه ه ه ه ه

ه

*Хьехархочунна билгалдаккхар*:

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( ه ) хьаьрп хийцарца дош ( ه - هلال ) **х1илалун**, дош ( ه - هدهد ) **х1удх1удун**.





وَلَدٌ  و  وَرْدٌ

ولد  و  ورد

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| و | و | و | و | و | و |
| و | | | | | |

***Хьехархочунна билгалдаккхар*:**

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( و ) хьаьрп хийцарца дош ( ولد - و ) **валадун**, дош ( ورد - و ) **вардун**.









يَدٌ يُمْنَى  ى  يَدٌ يُسْرَى

يد يمنى  ى  يد يسرى

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ى | ى | ى | ى | ى | ى |
| ى | | | | | |

***Хьехархочунна билгалдаккхар*:**

27-чу аг1он т1ехь долу билгалдаккхар санна: ( ى ) хьаьрп хийцарца дош ( يد يمنى - ى ) **йадун йумна**, дош ( يد يسرى - ى ) **йадун йусра**.

| التدريب الثانى | التدريب الأول |
| --- | --- |
| ن ه و ى | ن ه و ى |
| ن ه و ى | ن ه و ى |
| ن ه و ى | ن ه و ى |
| ن ه و ى | ن ه و ى |
| ن ه و ى | ن ه و ى |

***Хьехархочо дешархочунна т1едуьллур ду*:**

1. Хьаьрпашна т1ехь шен къолам лелабар хьалхарчу упражненехь.
2. Алфавитан хьурупашна басар дар шозлаг1чу упражненехь.





# اللَّهُ

# إِلَهِى

***Хьехархочо доьхур ду дешархочуьнга*** х1ара сурт кхочушдар, чекх сагучу кехатца иза кхечу кехатана т1едаккхарца, къегинчу басарца цунна басар а деш. Иштта дехар до хьомечу хьехархочуьнга, дешархочунна к1еззиг седарчий, наклейкаш ялар х1окху суьртана т1еяхка, цуьнан хазалле болу чам дебо, коьртачу 1алашонна т1е цуьнан тидам бахийта.

И 1алашо – деша ницкъ кхачар а, дешнийн хаза маь1наш довзийтар а ю.

# محمد رسولى

صلى الله عليه وسلم

***Хьехархочо доьхур ду дешархочуьнга*** х1ара сурт кхочушдар, чекх сагучу кехатца иза кхечу кехатана т1едаккхарца, къегинчу басарца цунна басар а деш. Иштта дехар до хьомечу хьехархочуьнга, дешархочунна к1еззиг седарчий, наклейкаш ялар х1окху суьртана т1еяхка, цуьнан хазалле болу чам дебо, коьртачу 1алашонна т1е цуьнан тидам бахийта.

И 1алашо – деша ницкъ кхачар а, дешнийн хаза маь1наш довзийтар а ю.





# القرآن كتابى

***Хьехархочо доьхур ду дешархочуьнга*** х1ара сурт кхочушдар, чекх сагучу кехатца иза кхечу кехатана т1едаккхарца, къегинчу басарца цунна басар а деш. Иштта дехар до хьомечу хьехархочуьнга, дешархочунна к1еззиг седарчий, наклейкаш ялар х1окху суьртана т1еяхка, цуьнан хазалле болу чам дебо, коьртачу 1алашонна т1е цуьнан тидам бахийта.

И 1алашо – деша ницкъ кхачар а, дешнийн хаза маь1наш довзийтар а ю.




**Хьехархочунна билгалдаккхар:** Уьна т1е «Аллах1 - أللّٰه» боху сийлахь ц1е язйийр ю. Т1аккха хьехархочо куьг хьажийна гойтур ю и ц1е. Юха нохчийн а, 1аьрбийн а маттахь цо аьр ду: «Х1ара Делан «Аллах1» боху сийлахь ц1е ю». Цул т1аьхьа шена т1аьхьара дешархошка а олуьйтур ду цо ша аьлларг масийттаза 1аьрбийн маттахь. 1аьрбийн маттахь х1ора суьртан ц1е язйийр ю уьна т1е, иза гойтур ю т1е куьг хьажош, суьртан ц1е йоккхур ю ( هذا أب ). Иштта ша мел олург дешархошка а олуьйтур ду шена т1аьхьара. И кеп лелор ю суьрташ кхачадаллалц.

Т1аьххьара дешархой кхеттий хьожур ву суьртан маь1нех, 1аьрбийн маттахь цара нийса олий хьожур ву. Цаьрга хоттур ду: « ماهذا؟ ماهذه؟ - Х1ара х1ун ю?».

Дешархойх галваьлларг нисвийр ву.








**Хьехархочунна билгалдаккхар:** Уьна т1е хьаьрп яздийр ду цо, иза гойтуш дешархошка хоттур ду: «Х1ара х1ун ю?» – аьлла.

Т1аккха нохчийн маттахь а, 1аьрбийн маттахь а цаьрга аьр ду цо: «Х1ара .....». Юха и хьаьрп шена т1аьхьара олуьйтур ду цаьрга 1аьрбийн маттахь, цхьаннал сов. Цул т1аьхьа х1ора суьртан ц1е язйийр ю уьна т1е 1аьрбийн маттахь, иза массарна а жайни т1ера гайта а гойтуш, шен ц1е а йоккхуш ( هذا بط - х1ара бад ю). Цаьрга т1аьхьара а олуьйтуш, суьрташ кхачадаллалц болх бийр бу. Дешархой кхеттий хьожур ву суьртан маь1нех, 1аьрбийн маттахь цара цуьнан ц1е нийса йоккхий а хьожуш, жайни т1ера йоза доьшуьйтур ду. Т1аьххьара а цаьрга хоттур ду: «Х1ара х1ун ю?» – сурт а гойтуш, г1алат бевлча, уьш нис а беш.




***Хьехархочунна билгалдаккхар:*** Уьна т1е хьаьрп яздийр ду цо, иза гойтуш дешархошка хоттур ду: «Х1ара х1ун ю?» – аьлла.

Т1аккха нохчийн маттахь а, 1аьрбийн маттахь а цаьрга аьр ду цо: «Х1ара .....». Юха и хьаьрп шена т1аьхьара олуьйтур ду цаьрга 1аьрбийн маттахь, цхьаннал сов. Цул т1аьхьа х1ора суьртан ц1е язйийр ю уьна т1е 1аьрбийн маттахь, иза массарна а жайни т1ера гайта а гойтуш, цуьнан шен ц1е а йоккхуш (هذا مقص - هذا كاس).

Цаьрга т1аьхьара а олуьйтуш, суьрташ кхачадаллалц болх бийр бу. Дешархой кхеттий хьожур ву суьртан ма1нех, 1аьрбийн маттахь цара цуьнан ц1е нийса йоккхий а хьожуш, жайни т1ера йоза доьшуьйтур ду.

Т1аьхххара а цаьрга хоттур ду: «Х1ара х1ун ю?» – сурт а гойтуш, г1алат бевлча, уьш нис а беш.








***Хьехархочунна билгалдаккхар:*** Уьна т1е хьаьрп яздийр ду цо, иза гойтуш дешархошка хоттур ду: «Х1ара х1ун ю?» - аьлла.

Т1аккха нохчийн маттахь а, 1аьрбийн маттахь а цаьрга аьр ду цо: «Хьара .....». Юха и хьаьрп шена т1аьхьара олуьйтур ду цаьрга 1аьрбийн маттахь, цхьаннал сов. Цул т1аьхьа х1ора суьртан ц1е язйийр ю уьна т1е 1аьрбийн маттахь, иза массарна а жайни т1ера гайта а гойтуш, шен ц1е а йоккхуш ( هذه ذرة - هذا سمك ). Цаьрга т1аьхьара а олуьйтуш, суьрташ кхачадаллалц болх бийр бу. Дешархой кхеттий хьожур ву суьртан ма1нех, 1аьрбийн маттахь цара цуьнан ц1е нийса йоккхий а хьожуш, жайни т1ера йоза доьшуьйтур ду.Т1аьхххьара а цаьрга хоттур ду: «Х1ара х1ун ю?» – сурт а гойтуш, г1алат бевлча, уьш нис а беш.

# قِرَاءَةٌ

| | | | |
|---|---|---|---|
| أ | أ ل ل ه | اللّٰه | لَا إِلَٰهَ إِلَّا اللّٰه |
| م | م ح م د | مُحَمَّدٌ | مُحَمَّدٌ رَسُولُ اللّٰه |
| ب | ب ى ت | بَيْتٌ |  |
| ت | ت م ر | تَمْرٌ |  |
| ث | ث و ب | ثَوْبٌ |  |
| ج | ج ا م ع | جَامِعٌ |  |

***Билгалдаккхар***: Дешархочунна девзар (гур) ду сурт, т1аккха хьалхара хьаьрп дошур ду цо. Цул т1аьхьа хьехархочо царна шайх сурт хуьлун хьурупаш билгалдийр ду, т1аккха цаьрга цуьнан юьззина ц1е йоккхуьйтур ю.





# قِرَاءَةٌ

| | | | |
|---|---|---|---|
| ح | ح م ا م ة | حَمَامَةٌ |  |
| خ | خ ر و ف | خَرُوفٌ |  |
| د | د ج ا ج ة | دَجَاجَةٌ |  |
| ذ | ذ ى ل | ذَيْلٌ |  |
| ر | ر ج ل | رَجُلٌ |  |
| ز | ز ر ا ف ة | زَرَافَةٌ |  |

***Билгалдаккхар***: Дешархочунна девзар (гур) ду сурт, т1аккха хьалхара хьаьрп доьшур ду цо. Цул т1аьхьа хьехархочо царна шайх сурт хуьлун хьурупаш билгалдийр ду, т1аккха цаьрга цуьнан юьззина ц1е йоккхуьйтур ю.

| قِرَاءَةٌ | | | |
|---|---|---|---|
|  | سَمَكٌ | س م ك | س |
|  | شَمْسٌ | ش م س | ش |
|  | صَقْرٌ | ص ق ر | ص |
|  | ضَابِطٌ | ض ا ب ط | ض |
|  | طَالِبٌ | ط ا ل ب | ط |
|  | ظَرْفٌ | ظ ر ف | ظ |

***Билгалдаккхар***: Дешархочунна девзар (гур) ду сурт, т1аккха хьалхара хьаьрп дошур ду цо. Цул т1аьхьа хьехархочо царна шайх сурт хуьлун хьурупаш билгалдийр ду, т1аккха цаьрга цуьнан юьззина ц1е йоккхуьйтур ю.





| قِرَاءَةٌ | | | |
|---|---|---|---|
|  | عَيْنٌ | ع ى ن | ع |
|  | غَزَالَةٌ | غ ز ا ل ة | غ |
|  | فَأْرٌ | ف أ ر | ف |
|  | قِرْدٌ | ق ر د | ق |
|  | كَلْبٌ | ك ل ب | ك |
|  | لَبَنٌ | ل ب ن | ل |

Дешархочунна девзар (гур) ду сурт, т1аккха хьалхара хьаьрп дошур ду цо. Цул т1аьхьа хьехархочо царна шайх сурт хуьлун хьурупаш билгалдийр ду, т1аккха цаьрга цуьнан юьззина ц1е йоккхуьйтур ю.

# قِرَاءَةٌ

| | | | |
|---|---|---|---|
|  | مَسْجِدٌ | م س ج د | م |
|  | نَخْلَةٌ | ن خ ل ة | ن |
|  | هِلَالٌ | ه ل ا ل | ه |
|  | وَرْدَةٌ | و ر د ة | و |
|  | يَدٌ | ى د | ى |
|  | يَدٌ | ى د | ى |

***Билгалдаккхар***: Дешархочунна девзар (гур) ду сурт, т1аккха хьалхара хьаьрп доьшур ду цо. Цул т1аьхьа хьехархочо царна шайх сурт хуьлун хьурупаш билгалдийр ду, т1аккха цаьрга цуьнан юьззина ц1е йоккхуьйтур ю.





# تَدْرِيبٌ عَلَى الْقِرَاءَةِ وَالْكِتَابَةِ

| | | |
|---|---|---|
|  |  |  |
| بَ قَ رَ ةٌ | بَ ى تٌ | كِ تَ ا بٌ |
| . . . . . | . . . . . | . . . . . |
|  |  |  |
| وَ رْ دٌ | مَ سْ جِ دٌ | تُ فَّ ا حٌ |
| . . . . . | . . . . . . | . . . . . |
|  |  |  |
| غَ زَ ا لٌ | زَ رَ ا فَ ةٌ | خَ رُ وْ فٌ |
| . . . . . | . . . . . . | . . . . . |

***Хьехархочунна билгалдаккхар***: Дешархочунна сурт девзар (гур) ду, цунна бухара ц1е йоьшур ю; т1аккха т1адамашна т1ехула иза д1аязйийр ю.

## تَدْرِيبٌ عَلَى الْقِرَاءَةِ وَالْكِتَابَةِ

| | | |
|---|---|---|
|  |  |  |
| شُ بَّ ا كٌ | صُ نْ دُ و قٌ | كُ رَ ةٌ |
| .......... | ........... | ....... |
|  |  |  |
| فَ رَ سٌ | حِ زَ ا مٌ | قِ طَ ا رٌ |
| ....... | ....... | ........ |
|  |  |  |
| سَ يَّ ا رَ ةٌ | مُ شْ طٌ | سَ ا جِ دٌ |
| ............ | ........ | ........ |

***Хьехархочунна билгалдаккхар***: Дешархочунна сурт девзар (гур) ду, цунна бухара ц1е йоьшур ю; т1аккха т1адамашна т1ехула иза д1аязйийр ю.





## تَدْرِيبٌ عَلَى الْقِرَاءَةِ وَالْكِتَابَةِ

| | | |
|---|---|---|
|  |  |  |
| وَ لَ ... | وَ رْ ... | أَ رْ نَ ... |
| ........ | ........ | ......... |
|  |  |  |
| دَ لْ ... | ثُ عْ بَ ا ... | وَ جْ ... |
| ...... | ......... | ........ |
|  |  |  |
| عَ لَ ... | قَ لَ ... | كَ أْ ... |
| ....... | ....... | ....... |

***Билгалдаккхар***: Дешархочунна сурт девзар (гур) ду, цуьнан ц1е йоккхур ю, оьшу хьаьрп девзар ду, дашна т1ехьа и д1аяздийр ду, т1аккха юьззина ц1е язйийр ю дашна бухарчу т1адамашна т1ехула.

## تَدْرِيبٌ عَلَى الْقِرَاءَةِ وَالْكِتَابَةِ

| | | |
|---|---|---|
|  |  |  |
| رَغِ.... | جَ اْ.... | دَرَّ.... |
| ......... | ......... | ......... |
|  |  |  |
| حِ صَ .... | نَ خْ.... | شُ بَّ .... |
| ......... | ......... | ......... |
|  |  |  |
| طَ اْ.... | سَ اْ.... | حِ مَ .... |
| ......... | ......... | ......... |

***Билгалдаккхар***: Дешархочунна сурт девзар (гур) ду, цуьнан ц1е йоккхур ю, оьшу хьаьрпаш девзар ду, т1адамийн метта уьш д1аяздийр ду, т1аккха юьззина ц1е язйийр ю т1адамашна т1ехула.





## تَدْرِيبٌ عَلَى الْقِرَاءَةِ وَالْكِتَابَةِ

| | | |
|---|---|---|
|  |  |  |
| هُ دْ .... | شَ ىْ .... | رَجُ .... |
| ......... | ......... | ......... |
|  |  |  |
| فَ أْ .... | شَ جَ .... | كُ رَ .... |
| ......... | ......... | ......... |
|  |  |  |
| مَ وْ .... | مُ جَ اْ .... | فَ رَا .... |
| ......... | ......... | ......... |

***Билгалдаккхар***: Дешархочунна сурт девзар (гур) ду, цуьнан ц1е йоккхур ю, оьшу хьаьрпаш девзар ду, т1адамийн метта уьш д1аяздийр ду, т1аккха юьззина ц1е язйийр ю т1адамашна т1ехула.

قال رسول الله صلى الله عليه وسلم:

«خَيْرُكُمْ مَنْ تَعَلَّمَ الْقُرْآنَ وَعَلَّمَهُ»





سُورَةُ الفَاتِحَة

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ ﴿١﴾
ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٢﴾
ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ ﴿٣﴾ مَٰلِكِ يَوْمِ ٱلدِّينِ ﴿٤﴾
إِيَّاكَ نَعْبُدُ وَإِيَّاكَ نَسْتَعِينُ ﴿٥﴾ ٱهْدِنَا
ٱلصِّرَٰطَ ٱلْمُسْتَقِيمَ ﴿٦﴾ صِرَٰطَ ٱلَّذِينَ أَنْعَمْتَ
عَلَيْهِمْ غَيْرِ ٱلْمَغْضُوبِ عَلَيْهِمْ
وَلَا ٱلضَّآلِّينَ ﴿٧﴾

سُورَةُ الإِخْلَاص

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

قُلْ هُوَ ٱللَّهُ أَحَدٌ ﴿١﴾ ٱللَّهُ ٱلصَّمَدُ ﴿٢﴾ لَمْ يَلِدْ
وَلَمْ يُولَدْ ﴿٣﴾ وَلَمْ يَكُن لَّهُۥ كُفُوًا أَحَدٌۢ ﴿٤﴾

سُورَةُ النَّاس

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلنَّاسِ ﴿١﴾ مَلِكِ ٱلنَّاسِ ﴿٢﴾ إِلَٰهِ
ٱلنَّاسِ ﴿٣﴾ مِن شَرِّ ٱلْوَسْوَاسِ ٱلْخَنَّاسِ ﴿٤﴾ ٱلَّذِى
يُوَسْوِسُ فِى صُدُورِ ٱلنَّاسِ ﴿٥﴾
مِنَ ٱلْجِنَّةِ وَٱلنَّاسِ ﴿٦﴾

***Билгалдаккхар***: Хьехархочо дешархошна цкъа хlара сураташ деша lамор ду, тlаккха уьш дагахь lамадар тlедуьллур ду.

# قسم الأناشيد : ﴿يا إلهي﴾



يَـا إِلَـٰهِـي أَنْـتَ رَبِّـي

كُـلُّ خَـيـرٍ مِـنْـكَ رَبِّـي

كُـلُّ حَـمْـدٍ لَـكَ رَبِّـي

يَـا إِلَـٰهِـي لَـكَ حُـبِّـي

***Хьехархочунна билгалдакккхар***: Дешархошна хьалха хьехархочо х1ара назманаш ешар д1ахьур ду. Х1ора мог1а ша-ша, хазачу озаца, мукъамца боьшур бу. Церан юкъара маь1на билгалдийр ду дешархошна. Цул т1аьхьа уьш шина я кхаа урокехь дагахь 1амор т1едуьллур ду царна.





## ﴿ نشيد ( أنا مسلم ) ﴾

أنا مسلم ٥ ٥ ٥ أنا مسلم

ربى الخلاقُ العظيم

معبودى اللهُ الرحيم

أنا مسلم ٥ ٥ ٥ أنا مسلم

رسولى النبيُّ الكريم

كتابى القرآن العظيم

أنا مسلم ٥ ٥ ٥ أنا مسلم

إخوتى كلُّ مسلم ومسلمة

قبلتى الكعبةُ المشرفة

أنا مسلم ٥ ٥ ٥ أنا مسلم

وطنى الحبيبُ الشيشان

عدوى اللعينُ الشيطان

أنا مسلم ٥ ٥ ٥ أنا مسلم

غايتى نصرة الدين

ورسالتى لخير العالمين

***Хьехархочунна билгалдакккхар***: Дешархошна хьалха хьехархочо х1ара назманаш ешар д1ахьур ду. Х1ора мог1а ша-ша, хазачу озаца, мукъамца боьшур бу. Церан юкъара маь1на билгалдийр ду дешархошна. Цул т1аьхьа уьш шина я кхаа урокехь дагахь 1амор т1едуьллур ду царна.

إِقْرَأْ :

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| خ | ح | ج | ث | ت | ب | ا |
| خَاءٌ | حَاءٌ | جِيمٌ | ثَـاءٌ | تَـاءٌ | بَـاءٌ | أَلِفٌ |
| ص | ش | س | ز | ر | ذ | د |
| صَادٌ | شِينٌ | سِينٌ | زَايٌ | رَاءٌ | ذَالٌ | دَالٌ |
| ق | ف | غ | ع | ظ | ط | ض |
| قَافٌ | فَـاءٌ | غَيْنٌ | عَيْنٌ | ظَاءٌ | طَـاءٌ | ضَادٌ |
| ي | و | هـ | ن | م | ل | ك |
| يَـاءٌ | وَاوٌ | هَـاءٌ | نُـونٌ | مِيمٌ | لَامٌ | كَافٌ |

يقرأ التلميذ الحرف ثم ينطق باسمه.





دعاء

يارب : اهدنا الصراط المستقيم

صراط الذين أنعمت عليهم

غير المغضوب عليهم ولا الضالين آمين

اقرأ باسم ربك الذى خلق *

خلق الإنسان من علق • اقرأ وربك الأكرم •

الذى علم بالقلم

خاتمة: والحمد لله رب العالمين ، وفقنا الله لخدمة اللغة العربية لغة القرآن و لغة نبى الإسلام

تنبيه : أخى الطالب : حافظ على هذا الكتاب حتى ينتفع به طالب آخر أخوك

---

١٤١٩ — ١٩٩٨

***Чаккхе***: 1аламийн Да волчу Аллах1ана хастам бу. Аллах1а вайн аьтто бойла 1аьрбийн мотт – Къор1анан мотт а, Исламан пайхамаран (Д.с.м.) мотт а 1аморна т1ехь.

***Билгалдаккхар***: Хьоме дешархо, х1ара жайна 1алашде кхечу дешархошна а цуьнах пайда эца аьтто хилийтаран дуьхьа.

1998 шо – 1419 шо

## ДЛЯ ЗАМЕТОК

Составитель: Магомадов А.А.
Рецензенты: Бийсултанов С.А., Гойбасханов А.-Х.
Редакторы: Юсупов И.М., Сайдиев Ш.Н.
Корректор: Асхабов С.Н.
Художник: Махмадов А.В

Подписано к печати 25.10.98 г. Формат $60 \times 88^{1}/_{16}$.
Печать офсетная. Бумага офсетная № 1.
Печ. лист. 5,25. Тираж 25000 экз. Зак. № 003-15.
Отпечатано в типографии ЗАО "ЧЕРОС".
364051, г. Джохар, ул. Дагестанская, 53.
Цена договорная.

# واجب الطالب المسلم

١ – معرفة الدين الإسلامي ، والعمل بأحكامه في حياتي كلها .

٢ – عبادة الله وحده وطاعة الله سبحانه وطاعة رسوله صلى الله عليه وسلم .

٣ – المحافظة على الصلاة بخشوع لله في أوقاتها، وتلاوة القرآن.

٤ – طاعة الوالدين ، وخدمة أسرتي والجيران، واحترام المعلمين .

٥ – حب المسلمين في الشيشان والتعاون معهم وخدمة دولتي .

٦ – حب الخير للمسلمين في العالم، و الهداية للناس جميعاً .

٧ – بغض المعاصي وكراهية الكفر والإلحاد والعمل بتعاليم الدين.

.. و ﴿ غايتنا الفوز برضا الله والجنة ﴾